МКОУ «Новобирюзякская СОШ

***Открытый урок***

***По родному языку***

***В 9кл***

***Учитель:Ахмедова З.С***

# РАСУЛ Х1АМЗАТОВАСУЛ АСАРАЗДАСА ЦОЛЪИЗАБУН КЬОЛЕБ ДАРС

Дарсил тема:Расул Х1амзатовасул творчествоялъулъ рахьдал мац1алъул тема.

Дарсил тайпа:Интегрированнияб,ай цогидал предметазулгун цолъизабураб, дарс.

Дарсил мурадал:1)ц1алул бажари борхизаби; 2)к1удияб г1акъил ва халкъияв шаг1ир Р.Х1амзатов маг1арул раг1ул устарзабазе муг1алимлъун вук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изаби;3)г1адатаб анализалдалъун лъималазул г1акълу ц1убазаби; 4)рахьдал мац1алде рокьи куцай.

Дарсил ин:

1.Доскаялда хъван тема лъазабила, дарсил мурадал рицана.
2.Расул Х1амзатовасул г1умруялъул ва литературияб х1аракаталъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьела
3.Раг1икъот1 ц1езабулеб куц бич1ч1изабила.

Дарс байбихьула муг1алимас Расулил х1акъалъулъ кьолеб къокъаб баяналдаса. Гьелдаса хадур гьал хадусел суалал кьезе мустах1икъал руго:

1.Расулица авар мац1алъул х1акъалъулъ адабияталда кинал раг1аби абурал?*(Метер маг1арул мац1 хвезе батани, хваги дун жакъаго , жаниб рак1 кьвагьун).*

2. Гьеб коч1ол идея кинаб бугеб?*(Рахьдал мац1 гьеч1они ,гьеч1о миллат, гьелъул маданият , рух1ияб бечелъи. Умумузул ирсалъе тараб гьеб хазина наслабазе ц1унич1они,ц1унуларо халкъи).*

3.Рехсараб предложение тетрадаздаги хъван ,гьелъул тайпа бице. (Гьеб буго шарт1ияб предложение).

«**Авар мац1**»абураб Р.Х1амзатовасул кеч1 пасих1го рек1ехъе бицинабила.

4.Цоги кинал коч1ол мухъаздалъун Расулица бицунеб бугеб авар мац1алъул х1алкъалъулъ?Ц1алдохъанас рик1к1уна :

Амма гьал кьурабалъ улкаялъ рарал
Мактабазда гьеб мац1 малъизе ккела.
Гьеб рекъараб буго нилъер халкъалда ,
Черхалда борчараб рачел кениги.

5. Куплеталъул цин к1иябго мухъ хъвала тетрадазда , хадуб гьезда гъорлъ сказуемое ва подлежащее ратила.

6. Гьаб хадусеб предложениялъулъ прилагательноялъул, рик1к1еналъул бак1алда кинаб каламалъул бут1а х1алт1изабун бугеб? **«Дида гьумер бихьич1ев гьалмагъ, гьари буго дир дуде, дир сипатазда,дир суратазда ,дир накъищазда дурго носоца г1ужал гьаруге»**
(Расул Х1амзатов) (Ц1арубак1).

7.Гьаб предложение тетрадазда хъвай ва гьеб членазда биххе:

Бокьула гьит1инаб халкъалъулъ г1агараб мац1.

8.Кинаб асаралдаса гьел раг1аби ругел ?(Дир Дагъистан» абураб т1ехьалдаса.)Гьаниб
Рекъараб бук1ина лъиданиги батун бук1инч1еб, х1икматаб жанралъул асар гьеб бук1иналъул абизе.

9. **«Гьит1инаб» ва «г1агараб»**
абурал раг1аби предложениялъул кинал членаллъун кколел?(определенияллъул).

10.Лъица бицинеб, кинаб асаралдаса колел гьал мухъал?

Маг1арда г1азу буго.
Г1едег1ана жамаг1ат
Жиде –жидер ц1адухъе
Ц1ияб хабарги боун

*(Расул «Цо маг1арул къиса» -«Чирахъ»абураб поэмаялдаса.)*

11.Коч1ол мухъал цоцалъ гъункиялъе,ай такрарлъулел рагъукъал гъаркьал х1алт1изарун ругони, гьеб щиб кколеб?(Аллитерация-гьелъ кумек гьабула кеч1 чвахун ц1ализе.)
12.Доскаялде проекторалдасан бихьизабила хадусеб предложение:

Бокьула,Мух1амад, дие гьаб дунял
Дунялалда бищун гьаб нилъер улка

Гьаниб ахиралда кинаб ишара лъезе кколеб?(Ах1ул).Щай?(Рек1ел бат1и-бат1ияб асаргун рехсолеб предложениялъул ахиралда ах1ул ишара лъола.)
13.Гьеб предложениялъулъ каламалъул бут1аби рате.
14.Доскаялда бихьизабула хадусеб слайд:

Лъимадул г1адаб г1адатияб рак1
Чаранлъун къвак1ула,къел гьабун хадуб.

**Суал:**
Релълъен-хъваялъун кьуч1алда кинаб раг1и х1алт1изабун бугеб гьаниб?

***(г1адинаб-гьеб кола дандеккевей).***

15.Ц1алдохъанас рек1ехъе рик1к1уна «Вера Васильевна» абураб кеч1.Хадуб гьеб бихьизабула экраналда:

Вера Васильевна,киг1ан гьуинго
Гьанже дур х1акъалъулъ васаз бицунеб.
Цояца абула урхъарай яцин,
Цогидаз кинго гьей хисуларейлъи,
Амма киназулго рак1алъ абула:
К1иабилей эбел йигин мунилан:

16.Гьаб коч1ол аслияб пикру щиб?(К1иабилеб рахьдал мац1лъун нилъеца г1урус мац1 къабул гьаби.Г1урус халкъалъ нилъер халкъалъе гьабураб кумек Вера Васильевнал ц1аралдаса бицин.)

17.Хадусеб экраналдаса бихьизабулеб слайд:

Ц1игьулдерил т1охалъ къаси рицунел
Къисабахъ урхъун вук1унаан дун.

Суал:предложениелъулъ х1алал рате, гьезул разрядал баян гьаре.

18.Ахиралда лъималаз дарсида Расулил куч1дузулъ ратарал предложенизуял членал раг1икъот1алда жанир тартибалда хъвала ва т1аса гъоркье, хасаб мухъилъ, лъугьараб раг1и ц1алула.

Дарсил ахиралда муг1алимас малъаралда т1асан суалал кьола ва, х1асилалги гьарун, лъималазе къиматал лъола.

Муг1алим: Расул Х1амзатов ккола, лъимал, х1акъикъаалдаги унго-унгояв патриот, гьунар т1ок1ав шаг1ир, Дагъистаналъул ва т1олго Россиялъул ч1ух1и, жигарав жамг1ияв х1аракатчи.

Риччанте кидаго ц1ваби кенч1езе,
Риччанте кидаго гъут1би т1егьазе ,-
Гьеб буго гьари гьанже ругезде,
Гьеб буго васигат дир наслабазе.